

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Prosés komunikasi téh ngawengku medium vérbal (lisan) jeung nonvérbal (tinulis). Minangka medium basa lisan, ébréh dina paguneman sapopoé, pidato, béwara, jeung sajabana. Ari medium basa tinulis bisa aya dina majalah, koran, buku, jeung karya sastra tulis lianna.

Salasahiji tempat dipakéna basa, nyaéta karya sastra. Palebah dieu, sastra mangrupa salasahiji hasil tina kreativitas manusa anu fungsina pikeun ngamekarkeun basa ogé nepikeun informasi. Salasahiji karya sastra nyaéta novél. Dina novél, pangarang biasana nyaritakeun tokoh-tokohna saluyu jeung kahirupan sapopoé (Rahayu, 2014, kc. 44). Sanajan kitu, dina paguneman antar tokoh mah pangarang biasana nepikeun maksudna kalawan teu nembrak antukna nu maca kudu bisa maca kalawan gemet sangkan meunangkeun naon nu dimaksud ku panyatur. Saluyu jeung pamadegan Muktadir (2016, kc. 340) yén maham kana ma'na omongan téh teu cukup ku maham ma'na anu nembrak tapi ogé kudu maham kana ma'na anu teu nembrakna (nyamuni). Ma'na anu nyamuni dina omongan, kaasup dina karya sastra téh disebut implikatur tina karya sastra.

Nurutkeun Grice (dina Aulia, 2019, kc. 24) implikatur téh dibagi jadi dua, nyaéta implikatur konvensional (*conventional implicature*), anu museur kana ma'na langsung jeung implikatur konvérsasi atawa non konvensional (*nonconventional implicature*) anu museur kana ma'na teu langsung atawa ma'na nu nyamuni. Implikatur konvensional mah leuwih gampang dina nyindekkeun ma'na anu aya dina omongan, béda jeung implikatur konvérsasi nu kudu ngalibetkeun unsur lian saperti prinsip gawé bareng jeung kontéks omongan. Luyu jeung pamadegan Hilaliyah (2016, kc. 72), yén ayana implikatur konvérsasi dibalukarkeun ku ngarempakna prinsip paguneman. Prinsip paguneman atawa prinsip konvérsasi ngawengku prinsip gawé bareng jeung prinsip kasopanan (Grice dina Sudaryat, 2014, kc. 134). Éta dua prinsip téh miboga maksim séwang-séwangan (Leech dina Sudaryat, 2014, kc. 134). Prinsip gawé bareng ngawengku maksim kuantitas, maksim kualitas, maksim hubungan, jeung maksim cara. Prinsip kasopanan ngawengku maksim kawijaksanaan, maksim

handap asor, maksim katumarima, maksim pangcocog, maksim balabah, jeung maksim kasimpati.

Implikatur mangrupa bagian tina polah ucap. Polah ucap nyaéta paripolah omongan anu dipaké ku panyatur nalika komunikasi basa (Sudaryat, 2016, kc. 207). Dina hiji omongan téh lain saukur maham kekecapanna hungkul tapi ogé kudu maham kana ma'na nu ditepikeun ku panyatur (Akbar, 2018, kc. 29). Ku kituna, polah ucap téh kudu aya dina unggal omongan salaku usaha panyatur pikeun ngayakinkeun hiji hal ka pamiarsa. Nurutkeun kana fungsi umumna, Sudaryat (2016, kc. 212) ngabagi polah ucap jadi opat, nyaéta polah ucap komisif, polah ucap impositif, polah ucap ékspresif, jeung polah ucap asertif.

Implikatur jeung polah ucap réa kapanggih dina paguneman, boh paguneman lisan boh paguneman tinulis. Paguneman dina wangun tinulis kapanggih di antarana waé, dina karya sastra saperti novél *Babalik Pikir* karya Samsuedi. Dina novél bisa kagambarkeun ayana implikatur jeung polah ucap. Sanajan kitu, sok aya nu teu bisa ngahartikeun paguneman antara tokoh, ku sabab dina paguneman sok aya implikatur atawa ma'na nu nyamunina. Nu jadi cukang lantaranana téh dina basa tinulis béda jeung basa lisan anu ngagunakeun lentong, wirahma, jeung randegan pikeun ngécéskeun maksud omongan. Enas-enasna upama kurangna pangaweruh kabasaan, basa tinulis bisa ngabalukarkeun kasalahpahaman dina nyangking informasi nu dibalukarkeun ku ayana ma'na ganda atawa *ambiguitas* ma'na. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Indriani (2019, kc.2) yén dina basa tinulis téh nimbulkeun rupa-rupa ma'na jeung nangtukeun pisan kana hasil henteuna komunikasi basa.

Minangka contona dina sababaraha dialog novél *Babalik Pikir*, kapanggih omongan nu miboga ma'na ganda. Contona aya dina dialog ieu di handap.

Pa Eméd : “Ari Si Eméd geus hudang, manéhna?
 Ambu Eméd : “Ih, si éta mah irahaeun teuing hudang rebun-rebun, tampolana najan geus moncorong panonpoé ogé, ari teu diguyah-guyah mah, tara buru-buru hudang.”

(Samsuedi, 2018)

Omongan di luhur, miboga ma'na ganda, salian ti méré nyaho yén anakna hésé dihudangkeun, ogé miboga maksud paréntah, sangkan Pa Eméd

ngahudangkeun anakna. Omongan di luhur kasampak ayana implikatur konvérsasi, ku sabab ngarempak maksim kuantitas anu diwangun ku polah ucap éksprésif. Maksim kuantitas miharep omongan anu cukup, teu ngayayay, saluyu jeung nu dipikahayang ku pamiarsa. Dina dialog di luhur, Pa Eméd ngan ngabutuhkeun jawaban “Acan” atawa “Enggeus”, teu miharep jawaban anu leuwih, tapi jawaban pamiarsa (Ambu Eméd) kawilang ngayayay. Ieu implikatur téh aya, alatan dirojong ku polah ucap éksprésif keuheul, anu antukna omongan di luhur miboga ma’na anu ganda.

Dina conto di luhur, pesen anu rék ditepikeun ku panyatur ka pamiarsa bisa ditarima kalawan hadé, bisa ogé salah harti luyu jeung posisi pamiarsa nu rék narimana. Pikeun ngungkulan ieu masalah, dina ieu panalungtikan dipaké pamarekan pragmatik pikeun maluruh hubungan antara implikatur konvérsasi jeung polah ucap dina novél *Babalik Pikir* karya Samsoedi. Anapon téori implikatur konvérsasi ngagunakeun téori maksim prinsip gawé bareng Leech jeung polah ucapna ngagunakeun téori Sudaryat.

Sawatara panalungtikan anu kungsi dilakukeun di antarana “Implikatur Percakapan dalam *Talk Show Hitam Putih* di Trans 7” (Haliko, 2017) anu medar ngeunaan implikatur jeung fungsi implikatur. Panalungtikan “Implikatur Percakapan pada Novél *Teheran dalam Toples* Karya Aminatul Faizah” (Hilaliyah, 2016) anu medar ngeunaan implikatur anu ngarempak prinsip gawé bareng jeung implikatur nu teu ngarempak prinsip gawé bareng. Aya ogé panalungtikan “Implikatur Paguneman dina Kumpulan Carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri (Tilikan Pragmatik)” (Rachmawati, 2019) anu medar ngeunaan wanda implikatur, ajén komunikatif, jeung eusi implikatur paguneman.

Bédana panalungtikan saméméhna jeung panalungtikan anu baris dilaksanakeun nyaéta dina sumber data jeung téori nu digunakeunna. Sumber nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Babalik Pikir* karya Samsoedi. Anapon teorina nyaéta téori prinsip gawé bareng Leech jeung téori polah ucap Sudaryat.

Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtikan ngeunaan hubungan antara implikatur jeung polah ucap dina novél *Babalik Pikir* karya Samsoedi miboga tujuan pikeun mikanyaho tur ngadeskripsikeun Implikatur konvérsasi jeung polah

ucap anu aya dina novél *Babalik Pikir* karya Samssoedi, katut kumaha hubungan antara implikatur jeung polah ucapna. Sarta ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan kaweruh kabahasaan hususna ngeunaan polah ucap anu antukna nyingkahan ma'na ganda atawa *ambiguitas* ma'na jeung kasalahpahaman dina nyangking informasi anu bakal karandapan ku nu maca. Ku kituna, panalungtikan “Hubungan antara Implikatur Konvérsasi jeung Polah Ucap dina Novél *Babalik Pikir* Karya Samssoedi (Ulikan Pragmatik)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

- a. Kumaha implikatur konvérsasi dina novél *Babalik Pikir* karya Samssoedi?
- b. Kumaha polah ucap dumasar kana implikatur konvérsasi dina novél *Babalik Pikir* karya Samssoedi?
- c. Kumaha hubungan antara implikatur konvérsasi jeung polah ucap dina novél *Babalik Pikir* karya Samssoedi?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan téh pikeun nyungsi jeung ngadéskripsikeun hubungan antara implikatur konvérsasi jeung polah ucap anu aya dina novél *Babalik Pikir* karya Samssoedi sangkan teu ngabalukarkeun ayana *ambiguitas* ma'na.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta:

- a. implikatur konvérsasi dina novél *Babalik Pikir* karya Samssoedi;
- b. polah ucap dumasar kana implikatur konvérsasi dina novél *Babalik Pikir* karya Samssoedi; jeung
- c. hubungan antara implikatur konvérsasi jeung polah ucap dina novél *Babalik Pikir* karya Samssoedi.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran élmu pangaweruh pragmatik, hususna ngeunaan implikatur konvérsasi jeung polah ucap anu sumber datana mangrupa karya sastra saperti novél.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna pikeun sababaraha pihak, saperti ieu di handap.

- a. Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan boga mangpaat pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan pragmatik hususna implikatur konvérsasi jeung polah ucap dina novél *Babalik Pikir* karya Samsuedi. Sarta ieu panalungtikan ogé bisa nambahan pangalaman panalungtik dina nalungtik aspék kabahasaan dina karya sastra prosa.
- b. Pikeun nu maca, ieu panalungtikan bisa nambahan référénsi panalungtikan ngeunaan kabahasaan, anu satuluyna bisa ngamekarkeun panalungtikan pragmatik hususna ngeunaan implikatur konvérsasi jeung polah ucap.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu skripsi dibagi jadi lima bab, nyaéta diwincik saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Téori, eusina mangrupa tatapakan téori anu medar ngeunaan téori nu patali jeung implikatur konvérsasi, polah ucap, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén ngumpulkeun data, jeung analisis ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngadéskripsikeun data jeung hasil panalungtikan.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan sarta rékoméndasi sangkan bisa méré mangpaat pikeun kahareupna.